QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
STATISTIKA BASQARMASÍ

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ SANAAT ISLEP SHÍǴARÍWÍ 2023-JÍL YANVAR-DEKABR (DÁSTLEPKI MAǴLÍWMAT)



Tel.: 61-222-75-87
www.qrstat.uz

## Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları

*(2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına)*

Búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasında 3666 sanaat kárxanaları háreketté bolıp, sonnan 661 (dizimnen ótken kárxanalardıń ulıwma sanınıń 18,0 % ti) Nókis qalasına, 375 (10,2 %) Ámiwdárya rayonına, 346 (9,5 %) Ellikqala rayonına tuwrı keledi.

**Jámi hárekettegi kárxanalar**







*Jámi hárekettegi kárxanalarda sanaat kárxanalarınıń úlesi*

**Jámi jańadan ashılǵan**







*Hárekettegi*   *Jańadan ashılǵan*

## Qaraqalpaqstan Respublikasınıń sanaatınıń tiykarǵı kórsetkishleri

**Sanaat bul–**shiyki zattı qayta islew, jer astı baylıqların ózlestiriw, islep shıǵarıw quralları hám xalıq tutınıw tovarların jaratıwdı qamtıp alıwshı islep shıǵarıw tarmaǵı.

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 18803,1 mlrd. somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan, 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi 101,1 % ti quradı.

**Sanaat islep shıǵarıw fizikalıq kólemi indeksi–**islep shıǵarılǵan ónimler (isler,xızmetler) kóleminiń sáykes dáwirdegi ózgeriwin anıqlawshı salıstırma kórsetkish.











## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw, qala hám rayonlar kesiminde

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Taqıyatas rayonında (29824,9 mıń som), Nókis qalasında (25331,7 mıń som) ortasha Qaraqalpaqstan Respublikası dárejesi kórsetkishinen (9451,4 mıń som) ádewir joqarılaǵanın kórsetedi.




Qaraqalpaqstan Respublikasında xalıq jan basına sanaat ónimlerin islep shıǵarılıw kólemi












## Sanaat islep shıǵarıwdıń tiykarǵı tarmaqları

Sanaat islep shıǵarıw quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın sanaatqa tuwrı kelip, 16237,9 mlrd somdı, jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı úlesi 86,4 % ti quradı.




2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında jámi sanaat islep shıǵarıwdaǵı joqarı úles Nókis qalası (45,4 %), Taqıyatas rayonı (12,1 %), Qońırat rayonı (6,7 %), Ámiwdárya rayonı (5,0 %), Tórtkúl rayonı (4,5 %) hám Beruniy rayonı (3,7 %) úlesi tuwrı keldi.

Sonday-aq, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda joqarı FKI, Qońırat rayonında (112,2%), Bozataw rayonında (110,4%) hám Xojeli (110,4%) rayonında gúzetildi.



## Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew**–tábiyatta qattı zatlar formasında ushırasatuǵın (kómir, ruda), suyıq jaǵdayda ushırasatuǵın (neft) yamasa gaz jaǵdayında ushırasatuǵın (tábiyiy gaz) paydalı qazılmalardı qazıp alıwdı óz ishine aladı.

Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew sanaatı kárxanaları tárepinen 2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 380,7 mlrd. som yamasa jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleriniń kólemindegi úlesi 2,0 % ke tuwrı keldi







*Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewdiń jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi*



## yanvar-dekabr aylarında iri kárxanaları boyınsha

*(Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te*)*

### Háktas




### Qattı jaǵdayındaǵı duz hám taza natriy xlorid




### Tábiyiy gaz




### Gaz kondensatı




## Iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

| *Sanaat ónimleri* | *2022-jıl yanvar-dekabr* | *2023-jıl yanvar-dekabr* | *Ayırması +/-* |
|---|---|---|---|
| Hák tas, mıń t. | 231,1 | 175,9 | -55,2 |
| Qattı jaǵdayındaǵı duz hám taza natriy xlorid, mıń t. | 110,6 | 151,2 | 40,6 |
| Tábiyiy gaz, mln. kub.m | 1312,3 | 999,6 | - 312,7 |
| Gaz kondensatı, mıń t. | 79,1 | 63,6 | - 15,5 |

** tiyisli dáwir ushın sanaat islep shıǵarıw kólemin esaplaw metodikasına tiykar*

## Islep shıǵaratuǵın sanaat

**Islep shıǵaratuǵın sanaat bul–**tarmaq jana ónim shıǵarıw maqsetinde element yamasa komponentlerdi, materiallardı, islep shıǵarıwdıń málim túri ushın birden-bir tolıq kriterya esaplanbasa da, fizikalıq yamasa ximiyalıq qayta islewdi óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında islep shıǵaratuǵın sanaat kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 16237,9 mlrd. som yamasa jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimleriniń kólemindegi úlesi 86,4 % ti quradı.







*Islep shıǵaratuǵın sanaattıń jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi*



## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

*(Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te*)*




Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan sanaat quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,1 % ti (2022-jıl yanvar-dekabr aylarında 0,2%), orta-joqarı texnologiyalı–50,1 % (59,5 %), orta-pás texnologiyalı–6,3 % (5,2 %) hám pás texnologiyalı–43,5 % (35,1 %) ti quradı.




Jámi islep shıǵaratuǵın sanaat quramında ximiyalıq ónimlerdi, rezina hám plastmassa buyımların islep shıǵarıwdıń úlesi–50,7 % (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 90,8 %), toqımashılıq, kiyim, teri ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi–20,5 % (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 131,4 %), azıq-awqat hám ishimlik ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi–20,1 % (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 115,8 %) ke tuwrı keldi.

* *tiyisli dáwir ushın sanaat islep shıǵarıw kólemin esaplaw metodikasına tiykar*

## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri kárxanalar tárepinen islep shıǵarılǵan ayırım túrdegi ónimlerdiń ósim páti

*(Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te*)*

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıwdıń úlesi–4,8 % (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 119,1%), mebel islep shıǵarıwdıń úlesi–1,6 % (2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 227,0 %) ti quradı




## Islep shıǵaratuǵın sanaatta iri kárxanalar tárepinen ayırım túrdegi ónimlerdi islep shıǵarıw

2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında 488,1mıń tonna portlandcement (2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarına salıstırǵanda 68,9 % ke ósken), 1,3 mıń tonna ósimliklerden alınǵan sherbet hám ekstraktlar (21,2 % ke ósken), 16,2 mıń tonna iydirilgen jip (11,3 % ke ósken), 4,2 mıń tonna tazalanǵan gúrish (9,7 % ke ósken), 4,8 mıń tonna ósimlik mayı (7,0 % ke kemeygen), 33,1 mıń tonna paxta talası (8,1 % ke kemeygen), 3388,8 mıń litr araq (9,6 % ke kemeygen) hám 64,4 mıń tonna jumsaq biyday hám spelta unı (37,1% ke kemeygen) islep shıǵarılǵan.

| *Sanaat ónimleri* | *2022-jıl yanvar-dekabr* | *2023-jıl yanvar-dekabr* | *Ayırması +/-* |
|---|---|---|---|
| Araq, mıń litr 100 % li spirt | 3748,4 | 3388,8 | -359,6 |
| Ósimlik mayı, (tazalanǵan), t. | 5174,2 | 4813,1 | - 361,1 |
| Portlandcement,t. | 288919,8 | 488112,0 | 199192,2 |
| Jumsaq biyday hám spelta unı, t. | 102351,1 | 64396,5 | - 37954,6 |
| Paxta talası, t. | 35976,6 | 33075,4 | -2901,2 |

** tiyisli dáwir ushın sanaat islep shıǵarıw kólemin esaplaw metodikasına tiykar*

## Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw

**Ximiyalıq ónimlerdi islep shıǵarıw–**ximiyalıq processler járdeminde organikalıq hám organikalıq bolmaǵan shiyki zat, materiallardı qayta islewdi hám tayar ónim islep shıǵarıwdı óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, ximiya sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 49,9 % bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 9,4 % ke kemeydi hám islep shıǵarıw kólemi 8108,9 mlrd. somdı quradı.




## Basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw

**Basqa metall emes mineral ónimlerin islep shıǵarıw–**minerallar tiykarında ónimler islep shıǵarıwǵa tiyisli bolǵan islep shıǵarıw túrlerin óz ishine olıp, shiysha hám shiysha ónimler, keramika buyımlar, polǵa ornatılatuǵın qaplamalar, kafel, cherepitsa, terrakota buyımlar, cement hám shiyki zattan tayar ónimgeshe islep shıǵarıwdı óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, basqa metall emes mineral ónimleriniń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 4,8 % ti qurap, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólemi indeksi 19,1 % ke ósti hám islep shıǵarıw kólemi 783,6 mlrd. somdı quradı.



## Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw

**Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw**–jelinetuǵın awıl xojalıǵı, toǵay hám balıqshılıq (azıq-awqat) ónimlerin, spirtsiz ishimliklerdi, mineral suwlardı hám basqa ıdıstaǵı suwlardı óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 18,4 % ti quraǵan bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 16,2 % ke kóbeydi hám islep shıǵarıw kólemi 2987,3 mlrd. somdı quradı.




## Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

**Ishimlik ónimlerin islep shıǵarıw**–spirtsiz ishimlik hám mineral suwlardı islep shıǵarıwdı, spirtli ishimliklerdi islep shıǵarıwdı, tiykarınan fermentaciya metodı arqalı, pivo hám vino, sonday-aq, distillengen alkogol ishimlikler islep shıǵarıwdı óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, ishimlik ónimleri islep shıǵarıw sanaattıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 1,7 % bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 112,0 % ti quradı hám islep shıǵarıw kólemi 280,8 mlrd. somdı quradı.



## Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatı

**Toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw–**toqımashılıq talasın tayarlaw hám jıynaw, sonday-aq, toqımashılıq gezlemelerin hám tayar toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw, toqımashılıq ónimlerine hám kiyimlerge bezek beriw, kiyimlerden tısqarı tayar toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdı óz ishine aladı.

2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 19,3 % ti quraǵan, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 32,4 % ke kóbeydi, islep shıǵarıw kólemi 3133,7 mlrd. somdı quradı.




## Kiyim islep shıǵarıw sanaatı

**Kiyim islep shıǵarıw–**barlıq materiallardan (máselen, teri, toqımashılıq gezlemeleri, toqılǵan hám trikotaj gezlemeleri hám t.b.) bárshe tigiw ónimlerin (tayar yamasa arnawlı buyırtpa boyınsha islengen), kiyimlerdiń hámme túrleri (máselen, ústki kiyim, erkekler, hayallar hám balalar ushın ishki kiyimler, jumıs, ofis, kúndelik yamasa sport kiyimleri hám t.b.) hám aksessuarlardı islep shıǵarıwdı óz ishine aladı..

2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında kiyim islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 1,2 % bolıp, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 118,3 % ti quradı hám islep shıǵarıw kólemi 193,6 mlrd. somdı quradı



## Rezina hám plastmassa buyımlar islep shıǵarıw

**Rezina hám plastmassa buyımlar islep shıǵarıw–**rezina hám plastikten ónim islep shıǵarıwdı islep shıǵarıwda paydalanatuǵın shiyki zat materialların óz ishine aladı. Biraq bul bólimge islep shıǵarıwdıń bárshe túrleri hám materialları kiredi degeni emes.

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, rezina hám plastmassa buyımlar islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 0,8 % ti, fizikalıq kólem indeksi 118,8 % ti quradı hám islep shıǵarıw kólemi 129,8 mlrd. somdı quradı.




## Mebel islep shıǵarıw

**Mebel islep shıǵarıw–**kárxana hám mákemeler, asxana mebellerin islep shıǵarıwdı óz ishine oladı

2023-jıldıń yanvar-dekabr ayları juwmaǵına bola, mebel islep shıǵarıw sanaatınıń islep shıǵaratuǵın sanaat quramındaǵı úlesi 1,6 % ti, ótken jıldıń tiyisli dáwirine salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 227,0 % ti quradı hám islep shıǵarıw kólemi 257,6 mlrd. somdı quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

**Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw**– elektrenergiyanı, tábiyiy gazdı, puwdı, ıssı suwdı hám usınday turaqlı tarmaqlar–kabellar, trubalar, suw trubaları arqalı jetkerip beriw menen baylanıslı iskerlikti óz ishine aladı.

Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 2079,1 mlrd. somdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 11,0 % tin) quradı.







*Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalawdı jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi*



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında iri sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda elektroenergiya islep shıǵarıw 95,8 % ti, ıssılıq energiyası islep shıǵarıw bolsa 74,1 % ti quradı.

| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-dekabr | 2023-jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln.kVt.s | 5373,9 | 5148,8 | -225,1 |
| Issılıq energiyası, mıń gkal | 55,2 | 40,9 | - 14,3 |
| Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xizmetler, mln. som | 127779,3 | 129918,3 | 2139,0 |

*(Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te*)*




** tiyisli dáwir ushın sanaat islep shıǵarıw kólemin esaplaw metodikasına tiykar*

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

**Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw**–qattı hám suyıq, sanaat hám xojalıq, sonday-aq, záhárlengen shıǵındılardıń bárshe túrlerin qayta islew (jıynaw, qayta islew hám joq etiw) di óz ishine aladı.

Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen islep shıǵarılǵan ónimler kólemi 105,4 mlrd.somdı (jámi islep shıǵarılǵan sanaat ónimler kóleminiń 0,6 % in) quradı.

*yanvar-dekabr*
*mlrd. somda*







*Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıwdıń jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi*

*yanvar-dekabr*
*FKI, % te*



## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda suwǵa islew beriw hám trubalar arqalı bólistiriw 2,0 % ke hám aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler 0,4 % ke ósken. Sonday-aq, qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler 48,1 % ke kemeygenligi gúzetildi

| Sanaat ónimleri | 2022-jıl yanvar-dekabr | 2023-jıl yanvar-dekabr | Ayırması +/- |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, mln. som | 8571,5 | 8609,3 | 37,8 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, mln. som | 65803,0 | 67109,0 | 1306,0 |
| Qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln. som | 18228,7 | 9459,1 | -8769,6 |

*(Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te*)*




*tiyisli dáwir ushın sanaat islep shıǵarıw kólemin esaplaw metodikasına tiykar*

## Tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw

Tayar ónimler túrlerin keńeytiriw hám islep shıǵarıwdı qollap-quwatlaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan is-rejeler nátiyjesinde, 2023-jıldıń yanvar-dekabr aylarında tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw kólemi 2805,2 mlrd. somdı quradı, 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 102,8 %, onıń jámi sanaattaǵı úlesi 14,9 % ke tuwrı keldi.

2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tutınıw tovarların islep shıǵarılıwda Xojeli rayonı (194,3 %), Nókis rayonı (117,0 %), Shomanay rayonı (115,5 %), Ellikqala rayonı (112,5 %), Ámiwdárya rayonı (109,2 %), Bozataw rayonı (106,9 %) hám (105,0 %) Qanlıkól rayonı kárxanaları tárepinen joqarı ósim páti gúzetildi.

### Azıq-awqat ónimleri




### Aziq-awqat emes ónimler




Tutınıw tovarların islep shıǵarılıw quramında azıq-awqat ónimleri 83,7 %, azıq-awqat emes ónimler 16,3 % ti quradı. 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarında tutınıw tovarlarınıń jámi kólemde azıq-awqat ónimleriniń úlesi 86,8 %*, azıq-awqat emes ónimleriniń úlesi 13,2 %* ti quradı.

Sonıń menen birge, 2022-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda azıq-awqat ónimleriniń ósim páti 99,2 %, azıq-awqat emes ónimleriniń ósim páti 126,3 % ke tuwrı keldi.

** 2023-jıl esaplaw metodikası boyınsha*

## Tutınıw tovarların islep shıǵarıw,qala hám rayonlar kesiminde

**Tutınıw tovarları**– birinshi náwbette, jeke tutınıw ushın yamasa payda alıw menen baylanıslı bolmaǵan basqa maqsetlerde isletiletuǵın sanaat ónimleri.

Qala hám rayonlar kesimide tutınıw tovarların islep shıǵarıwdıń Qaraqalpaqstan Respublikasınıń jámi kólemindegi eń úlken úles Nókis qalasına tuwrı keldi 22,5 %, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 11,9 %, Xojeli rayonı 11,2 %, Ámiwdárya rayonı 9,6 % gúzetildi.

| | mlrd. somda | ósim páti, % te |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 269,3 | 109,2 |
| Beruniy | 201,6 | 100,3 |
| Bozataw | 20,0 | 106,9 |
| Qaraózek | 39,7 | 100,0 |
| Kegeyli | 62,6 | 104,9 |
| Qońırat | 131,0 | 100,2 |
| Qanlıkól | 37,8 | 105,0 |
| Moynaq | 55,6 | 100,1 |
| Nókis r. | 66,5 | 117,0 |
| Taqıyatas | 333,4 | 97,4 |
| Taxtakópir | 54,0 | 43,7 |
| Tórtkúl | 212,5 | 79,7 |
| Xojeli | 313,2 | 194,3 |
| Shımbay | 134,7 | 92,6 |
| Shomanay | 41,6 | 115,5 |
| Ellikqala | 200,3 | 112,5 |
| Nókis q. | 631,4 | 100,0 |




*Jámi sanaat islep shıǵarıw kóleminde tutınıw tovarlarıń úlesi*






## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw, qala hám rayonlar kesiminde

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha xalıq jan basına tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw 1410,1 mıń som bolǵanda, Taxtakópir rayonında–4356,7 mıń somdı, Xojeli rayonında–2447,4 mıń somdı hám Nókis rayonında–1874,4 mıń somdı quradı.




Qaraqalpaqstan Respublikasında xalıq jan basına tutınıw tovarların islep shıǵarıw kólemi







| | mlrd. somda | ósim páti, % te |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 1280,5 | 107,3 |
| Beruniy | 992,4 | 98,4 |
| Bozataw | 914,2 | 106,7 |
| Qaraózek | 731,1 | 99,3 |
| Kegeyli | 840,5 | 104,1 |
| Qońırat | 968,7 | 99,0 |
| Qanlıkól | 708,0 | 103,6 |
| Moynaq | 1656,5 | 99,2 |
| Nókis r. | 1245,3 | 114,9 |
| Taqıyatas | 4356,7 | 96,5 |
| Taxtakópir | 1386,1 | 44,7 |
| Tórtkúl | 937,3 | 78,4 |
| Xojeli | 2447,4 | 192,0 |
| Shımbay | 1167,4 | 91,9 |
| Shomanay | 718,8 | 114,4 |
| Ellikqala | 1182,2 | 110,3 |
| Nókis q. | 1874,4 | 98,5 |

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalasına tuwrı kelip 23,0 % ti, sonday-aq, Taqıyatas rayonı 13,7 % ti, Xojeli rayonı 11,9 % ti quradı.










| | mlrd. somda | ósim páti , % te |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 217,7 | 103,0 |
| Beruniy | 171,0 | 96,6 |
| Bozataw | 16,3 | 100,5 |
| Qaraózek | 31,8 | 96,4 |
| Kegeyli | 43,2 | 88,8 |
| Qońırat | 103,8 | 91,7 |
| Qanlıkól | 29,4 | 97,7 |
| Moynaq | 48,5 | 95,2 |
| Nókis r. | 50,4 | 115,4 |
| Taqıyatas | 322,2 | 97,4 |
| Taxtakópir | 48,3 | 40,8 |
| Tórtkúl | 170,3 | 73,6 |
| Xojeli | 279,6 | 209,5 |
| Shımbay | 113,5 | 91,1 |
| Shomanay | 33,7 | 120,4 |
| Ellikqala | 128,9 | 102,1 |
| Nókis q. | 540,5 | 98,0 |

## Qala hám rayonlar boyınsha azıq-awqat emes ónimlerdi islep shıǵarıw kólemi, quramı hám ósim páti

Qala hám rayonlar kesiminde azıq-awqat emes ónimlerin islep shıǵarılıwınıń respublika jámi kólemindegi eń joqarı úlesi Nókis qalasına tuwrı kelip 19,9 % ti, sonday-aq, Ellikqala rayonı 15,7 % ti hám Ámiwdárya rayonı 11,3 % ti quradı.




Jámi tutınıw tovarların islep shıǵariw kólemindegi úlesi







| | mlrd. somda | ósim páti , % te |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 51,6 | 146,8 |
| Beruniy | 30,6 | 127,0 |
| Bozataw | 3,7 | 147,6 |
| Qaraózek | 7,9 | 118,0 |
| Kegeyli | 19,4 | 176,5 |
| Qońırat | 27,2 | 155,1 |
| Qanlıkól | 8,4 | 141,9 |
| Moynaq | 7,1 | 154,9 |
| Nókis r. | 16,1 | 122,4 |
| Taqıyatas | 11,2 | 95,9 |
| Taxtakópir | 5,7 | 110,1 |
| Tórtkúl | 42,2 | 119,6 |
| Xojeli | 33,6 | 121,4 |
| Shımbay | 21,2 | 101,4 |
| Shomanay | 7,9 | 98,4 |
| Ellikqala | 71,4 | 137,6 |
| Nókis q. | 90,9 | 113,7 |

## Sanaat ónimleri islep shıǵarıwıda kishi biznestiń úlesi

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 5330,3 mlrd. somliq sanaat ónimleri islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 28,3 % ti quradı. 2022-jıldıń yanvar-dekabr aylarında kishi biznes subyektleriniń ulıwma islep shıǵarıwdaǵı úlesi 20,5 % ti quraǵan.










| | úlesi, % te | mlrd. somda |
|---|---|---|
| Ámiwdárya | 57,5 | 543,1 |
| Beruniy | 94,2 | 651,4 |
| Bozataw | 100,0 | 39,8 |
| Qaraózek | 57,2 | 376,3 |
| Kegeyli | 39,8 | 150,7 |
| Qońırat | 24,8 | 312,3 |
| Qanlıkól | 39,7 | 164,6 |
| Moynaq | 62,8 | 192,9 |
| Nókis r. | 79,3 | 311,4 |
| Taqıyatas | 6,0 | 136,6 |
| Taxtakópir | 17,5 | 57,5 |
| Tórtkúl | 37,1 | 311,4 |
| Xojeli | 93,6 | 420,8 |
| Shımbay | 38,1 | 159,1 |
| Shomanay | 90,1 | 250,9 |
| Ellikqala | 60,2 | 353,4 |
| Nókis q. | 10,5 | 898,1 |

mlrd. somda    úlesi, % te

## Tayar ónimler, qosımsha bólekler  hám materiallar islep shıǵarıwdı jergiliklestiriw dástúriniń ámelge asırılıwı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında sanaat ónimlerin ishlep shıǵarıwdıń joqarı ósim pátine erisiwde tayar ónimler, qosımsha bólekler hám materiallar islep shıǵarıw jergiliklestiriw Dástúriniń ámelge asırılıwı da óz tásirin kórsetti. Usı dástúr sheńberinde kiritilgen 39 joybar boyınsha 884,8 mlrd. somlıq ónimler islep shıǵarıldı. Jergiliklestiriw dástúri sheńberinde islep shıǵarılǵan ónimler 29,0 mln. AQSH dollari muǵdarında eksport qılındı. Sonıń menen birge 637 jańa jumıs orınları jaratıldı.

